

BAB III


MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar ngeunaan: (1) desain panalungtikan, (2) data jeung sumber data, (3) prosedur panalungtikan, (4) instrumén panalungtikan, (5) téhnik analisis data (uji sipat data jeung uji hipotésis).

3.1 Desain Panalungtikan

Métode dina ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kuantitatif kalawan métode kuasi ékspérimén. Nurutkeun Djaelani (dina Purnamasari, 2023) métode kuasi ékspérimén minimalna dilaksanakeun dua kali pikeun ngukur kamampuh anu ditalungtik, anapon runtuyanna nyaéta ngukur kamampuh nu mimiti anu dilaksanakeun saméméh ékspérimén jeung ngukur kamampuh sanggeus dilaksanakeun ékspérimén.

Dina ieu panalungtikan dumasar kana pedaran di luhur ngagunakeun observasi *pre-test and post-test group* anu dilaksanakeun dua kali nyaéta saméméh jeung sanggeus ékspérimén. Désain observasi dina ieu panalungtikan nyaéta:



(Arikunto, 2021. kc. 123)

Keterangan:

- O_1 : *Pre-test* (kamampuh maca aksara Sunda saméméh ngagunakeun média vidéo animasi)
- X : *Treatment* (pangajaran maca aksara Sunda ngagunakeun média vidéo animasi)
- O_2 : *Post-test* (kamampuh maca aksara Sunda sanggeus ngagunakeun média vidéo animasi)

3.2 Data jeung Sumber Data

3.2.1 Data

Data dina ieu panalungtikan nyaéta hasil kamampuh maca aksara Sunda siswa kelas VIII.8 SMPN 52 Kota Bandung taun ajar 2023/2024 tina hasil *pre-test* jeung *post-test*, saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média vidéo animasi.

3.2.2 Sumber Data


Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas VIII.8 SMPN 52 Kota Bandung taun ajar 2023/2024. SMPN 52 Kota Bandung aya di Jalan Bukit Raya Atas No. 90-C, Ciumbuleuit, Kacamatan Cidadap, Kota Bandung, Provinsi Jawa Barat, Kode Pos 40142. Anapon nu jadi dadasar panalungtik milih ieu sakola nyaéta pangajaran maca aksara Sunda utamana ngagunakeun média vidéo animasi téh can pernah dilarapkeun. Anapon jumlah siswa kelas VIII.8 SMPN 52 Kota Bandung taun ajar 2023/2024 aya dina tabél ieu di handap.

Tabél 3.1
Sumber Data Siswa Kelas VIII.8 SMPN 52 Kota Bandung Taun Ajar 2023/2024

Kelas	Wanda Baga	Jumlah
VIII.8	Awéwé	13
	Lalaki	12
Jumlah Siswa		25

3.3 Prosedur Panalungtikan

Prosedur dina ieu panalungtikan baris dipedar dina bagan di handap.



Bagan 3.1 Prosedur Panalungtikan

Prosedur dina ieu panalungtikan nyaéta léngkah-léngkah anu bakal dilaksanakeun salila panalungtikan. Léngkah-léngkahna nyaéta:

1) Tatahar

Panalungtik saméméh ngalaksanakeun panalungtikan néang masalah anu ngalantarankeun ieu panalungtikan laksana nyaéta kamampuh dina maca aksara

Sunda, tuluy ngaidéntifikasi masalah, ngarumuskeun masalah sarta nangtukeun métode anu rék digunakeun.

2) Ngalaksanakeun panalungtikan jeung ngumpulkeun data

Sanggeus nangtukeun masalah, panalungtik nyieun instrumén saméméh dilaksanakeun panalungtikan tuluy ngalaksanakeun *pre-test*, *treatment*, tur *post-test*. Dina *pre-test*, siswa dibéré soal aksara Sunda pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina maca aksara Sunda saméméh ngagunakeun média vidéo animasi. Ngalaksanakeun *treatment* ku cara ngagunakeun média vidéo animasi dina pangajaran aksara Sunda ka siswa. Sanggeus ngalaksanakeun *pre-test* jeung *treatment*, siswa dibéré soal *post-test* minangka alat pikeun ngukur kamampuh siswa dina maca aksara Sunda sanggeus ngagunakeun média vidéo animasi.

3) Ngalalisis data

Sanggeus nyangking data tina hasil *pre-test* jeung *post-test* dina wangun skor atawa niléy, data dianalisis pikeun mikanyaho ayana bédana kamampuh siswa dina maca aksara Sunda tina hasil pangajaran ngagunakeun média vidéo animasi.

4) Kacindekan

Panalungtik nyieun kacindekan tina hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun ti mimiti tatahar nepi ka nganalisis data.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén dina ieu pananglutikan nyaéta tés anu dibagi jadi dua nyaéta *pre-test* jeung *post-test*. Ieu soal dipaké pikeun mikanyaho kamampuh maca aksara Sunda siswa kelas VIII.8 SMPN 52 Bandung taun ajar 2023/2024 saméméh jeung sanggeus maké média vidéo animasi. Instrumén anu dipaké ngawengku 10 soal *essay* singget aksara Sunda anu dieusi siswa ku cara maca jinis maca pamahaman atawa ngahartikeun éta tulisan ti aksara Sunda ka aksara latén. Dina ieu panalungtikan ngagunakeun modul pangajaran dumasar kana kurikulum lumaku, nyaéta Kurikulum Merdeka. Aksara Sunda anu dipaké dina ieu soal téh ngawengku aksara ngalagena, aksara swara, jeung rarangkén. Instrumén dina ieu panalungtikan baris dijéntrékeun di handap.

Tabél 3.2
Kisi-Kisi Soal Tés Kamampuh Maca Aksara Sunda








Capaian Pembelajaran	Materi Pokok	Kls	Sem	Ind	Bentuk Soal	No Soal	Bobot
Peserta didik mampu mengeksplorasi, menganalisis, dan mengevaluasi informasi atau pesan (perasaan, gagasan, pikiran, dan kehendak) dan struktur tipe teks (fiksi dan nonfiksi) secara visual dan audiovisual untuk menemukan makna tersurat dan tersirat. Peserta didik mampu membaca kata-kata dan kalimat sederhana yang menggunakan aksara Sunda sesuai dengan kaidahnya.	Aksara Sunda	VIII	2	C5	Essay singkat	1-10	100

Keterangan:

Kls : Kelas
Sem : Semester
Ind : Indikator

Dumasar kana kisi-kisi dina tabél 3.2 di luhur, ieu di handap mangrupa instrumén soal pikeun *pre-test* jeung *post-test* dina pangajaran aksara Sunda ngagunakeun média vidéo animasi.

Tabél 3.3
Instrumén Soal Kamampuh Maca Aksara Sunda

Baca aksara Sunda di handap tuluy tulis maké aksara latén!	
1. 	:
2. 	:
3. 	:
4. 	:
5. 	:
6. 	:
7. 	:

8.	$\overset{\checkmark}{\underset{\checkmark}{\text{h}}}\overset{\checkmark}{\text{h}}$:
9.	$\overset{\checkmark}{\text{L}}\overset{\checkmark}{\text{J}}$:
10.	$\overset{\checkmark}{\text{J}}\overset{\checkmark}{\text{J}}\overset{\checkmark}{\text{z}}$:

3.5 Téhnik Analisis Data

Kegiatan nganalisis data mangrupa kegiatan anu penting pikeun mikanyaho hasil tina panalungtikan, dilaksanakeun sanggeus panalungtikan réngsé. Panalungtik bisa nyaho kana kamampuh maca aksara Sunda siswa tina hasil *pre-test* jeung *post-test* anu geus dilaksanakeun. Data anu geus kakumpul ieu tuluy dianalisis pikeun ngabuktikeun hipotésis. Anapon tahapan dina nganalisis data dina ieu panalungtikan saperti ieu di handap.

- 1) Méré peunteun kamampuh maca aksara Sunda dumasar kana *rubrik* peunteun dina tabél di handap.

Tabél 3.4
Rubrik Peunteun Kamampuh Maca Aksara Sunda

No	Soal	Skala aspék anu dipeunteun					P
		Ngalagena	Swara	Rarangkén			
				Luhur	Handap	Sajajar	
1.	$\overset{\checkmark}{\text{z}}\overset{\checkmark}{\text{J}}\overset{\checkmark}{\text{L}}$	($\overset{\checkmark}{\text{J}}, \overset{\checkmark}{\text{L}}$) 2,5 + 2,5				(Panéléng) 5	10
2.	$\overset{\checkmark}{\text{L}}\overset{\checkmark}{\text{J}}$	($\overset{\checkmark}{\text{L}}, \overset{\checkmark}{\text{J}}$) 2,5 + 2,5		(Panghulu) 5			10
3.	$\overset{\checkmark}{\text{J}}\overset{\checkmark}{\text{L}}\overset{\checkmark}{\text{z}}$	($\overset{\checkmark}{\text{J}}, \overset{\checkmark}{\text{L}}$) 2,5 + 2,5		(Pamepet) 2,5		(Panolong) 2,5	10
4.	$\overset{\checkmark}{\text{L}}\overset{\checkmark}{\text{J}}$	($\overset{\checkmark}{\text{L}}, \overset{\checkmark}{\text{J}}$) 2,5 + 2,5			(Panyakra) 5		10
5.	$\overset{\checkmark}{\text{L}}\overset{\checkmark}{\text{J}}\overset{\checkmark}{\text{L}}$	($\overset{\checkmark}{\text{L}}, \overset{\checkmark}{\text{J}}$) 2,5 + 2,5			(Panyuku) 2,5	(Pangwisad) 2,5	10
6.	$\overset{\checkmark}{\text{L}}\overset{\checkmark}{\text{J}}\overset{\checkmark}{\text{z}}$	($\overset{\checkmark}{\text{L}}, \overset{\checkmark}{\text{J}}$) 2,5 + 2,5		(Paneuleung, panyecek) 2,5 + 2,5			10
7.	$\overset{\checkmark}{\text{J}}\overset{\checkmark}{\text{L}}\overset{\checkmark}{\text{z}}$	($\overset{\checkmark}{\text{J}}, \overset{\checkmark}{\text{L}}$) 2,5 + 2,5		(Panyecek) 2,5	(Panyuku) 2,5		10
8.	$\overset{\checkmark}{\text{h}}\overset{\checkmark}{\text{h}}$	($\overset{\checkmark}{\text{h}}, \overset{\checkmark}{\text{h}}$) 2,5 + 2,5		(Panglayar, panghulu) 2,5 + 2,5			10
9.	$\overset{\checkmark}{\text{L}}\overset{\checkmark}{\text{J}}$	($\overset{\checkmark}{\text{J}}$) 2,5	($\overset{\checkmark}{\text{L}}$) 2,5	(Panghulu, panyecek) 2,5 + 2,5			10
10.	$\overset{\checkmark}{\text{J}}\overset{\checkmark}{\text{J}}\overset{\checkmark}{\text{z}}$	($\overset{\checkmark}{\text{J}}, \overset{\checkmark}{\text{J}}$) 2,5 + 2,5			(Panyuku) 2,5	(Pamaéh) 2,5	10

Tsara Rahadatul Aisy, 2024

MÉDIA VIDÉO ANIMASI DINA PANGAJARAN MACA AKSARA SUNDA (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Fase D SMPN 52 Kota Bandung Taun Ajar 2023/2024)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

No	Soal	Skala aspék anu dipeunteun					P
		Ngalagena	Swara	Rarangkén			
				Luhur	Handap	Sajajar	
		47,5	2,5	15	12,5	17,5	
Σ							100

(Diropéa tina Aditjar, 2016. Kc. 33)

- 2) Méré peunteun kamampuh maca aksara Sunda, kalawan ngagunakeun rumus;

Tabél 3.5
Rumus Peunteun

$$P = \frac{\Sigma \text{Skor siswa}}{\Sigma \text{Skor maksimal}} \times 100$$

Katerangan:

- P : Peunteun
 Σ skor siswa : Jumlah peunteun siswa
 Σ skor maksimal : Jumlah peunteun maksimal

- 3) Ngasupkeun data kamampuh maca aksara Sunda kana tabél peunteun di handap;

Tabél 3.6
Peunteun Kamampuh Maca Aksara Sunda

Kode Siswa	Katégori Peunteun					P	Katégori
	Aksara		Rarangkén				
	A	B	C	D	E		
Σ							
\bar{x}							
%							

Katerangan:

- A : Aksara ngalagena
 B : Aksara swara
 C : Rarangkén luhur
 D : Rarangkén handap
 E : Rarangkén sajajar
 P : Peunteun
 Σ : Jumlah
 \bar{x} : Rata-rata
 % : Perséntase

- 4) Ngabandingkeun hasil *pre-test* jeung *post-test* siswa.

3.2.1 Uji Sipat Data

Data dina ieu panalungtikan bakal dianalisis ngagunakeun aplikasi SPSS (*Statistical Product and Service Solution*) Versi 26 pikeun nguji sacara statistik data

anu dicangking tina hasil *pre-test* jeung *post-test* dina kagiatan pangajaran sanggeus jeung saméméh ngagunakeun média vidéo animasi.

Uji normalitas miboga fungsi pikeun nguji distribusi data dina hiji kelompok data atawa variabel téh normal atawa henteu. Uji normalitas ogé dipaké pikeun nangtukeun data anu geus dikumpulkeun tina hasil panalungtikan asup kana distribusi normal atawa tina populasi normal (Sudaryana, 2022, kc. 267). Salasahiji métode dina uji normalitas nyaéta *Shapiro-Wilk* anu tujuanna pikeun mikanyaho distribusi data tina variabel anu digunakeun dina panalungtikan. Anapon uji normalitas dina ieu panalungtikan ngagunakeun uji *Shapiro-Wilk* anu cindekna nyaéta:

- 1) saupama niléy $p > 5\%$, mangka data éta distribusina normal atawa H_0 ditarima jeung H_1 ditolak; tur
- 2) saupama niléy $p < 5\%$, mangka data éta distribusina teu normal atawa H_0 ditolak jeung H_1 ditarima (Ramadhani, 2021, kc. 197).

3.2.2 Uji Hipotésis

Uji hipotésis dina ieu panalungtikan bisa kabukti tina hasil data anu geus dikumpulkeun tur dianalisis. Saupama hasil data tina uji normalitas nuduhkeun hasil data distribusi sacara normal, data bakal diuji hipotésis maké uji statistik paramétrik ngagunakeun *T-test*. Saupama hasilna nuduhkeun data distribusina teu normal, éta data diujina maka statistik non paramétrik ngagunakeun *Wilcoxon Match Pairs test*.

Pikeun nangtukeun ditarima atawa henteuna hipotésis dumasar kana kritéria, dijéntrékeun saperti ieu di handap.

Hipotésis nol (H_0) : Teu aya béda anu signifikan antara kamampuh maca aksara Sunda saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média vidéo animasi dina pangajaran maca aksara Sunda ka siswa kelas VIII.8 SMPN 52 Bandung taun ajar 2023/2024.

Hipotésis alternatif (H_1) : Aya béda anu signifikan antara kamampuh maca aksara Sunda saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média vidéo animasi dina

pangajaran maca aksara Sunda ka siswa kelas
VIII.8 SMPN 52 Bandung taun ajar 2023/2024.